



Chè Paran/Responsab,

Nou ta renmen akeyi w ak pitit ou a nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, epi pale avèk ou osijè Pwogram Sèvis Kantin Lekòl nou an.

Sistèm enfòmasyon nou itilize aktyèlman nan kafeterya nou yo pèmèt nou bay chak elèv pwòp kont pa li. Ou kapab peye lajan kach oswa chèk alavans nan kont sa a. Ou kapab depoze alavans kantite lajan ou vle; sepandan, li rekòmande pou w ta peye chak semèn oswa chak mwa. Y ap depoze lajan ou voye a sou yon kont kach pou pitit ou a kapab achte nenpòt manje oswa chwazi alakat.

Men yon lis pri manje pou lekòl elemantè nou yo anba a (pri yo kapab chanje):

Pri konplè pou manje midi
\$2.05 chak jou, \$10.25 = 5 jou, \$41.00 = 20 jou
Manje midi apri redui
\$0.40 chak jou, \$2.00 = 5 jou, \$8.00 = 20 jou

Nou ofri dejene gratis pou tout elèv, kèlkeswa revni paran yo.

Pèyman pou manje yo obligatwa nan moman yo resevwa manje a. Tanpri, asire w ou bay pitit ou a ase lajan pou l achte manje nan lekòl la chak jou. Kounyè a, li posib pou fè **pèyman sou entènèt** pou depoze lajan sou kont Sèvis Manje Lekòl pitit ou a. Pou enskri, ale nan: www.palmbeachschools.org/sfs

Si w ap voye yon chèk, tanpri asire w ou fè chèk la sou non lekòl la epi ekri non pitit ou a okonplè nan seksyon memo chèk la.

Si pitit ou a depanse yon ekivalan ki depase montan ki peye pou 3 repa, y ap ranplase antre li seleksyone yo avèk yon sandwich vyann kodenn ak fwomaj jiskaske balans ki dwe a peye.

Si w ta renmen ranpli yon aplikasyon pou manje gratis oswa a pri redui, tanpri

- **Aplike sou entènèt nan www.palmbeachschools.org/sfs aprè 27 Jiyè**
- Si fanmi w resevwa benefis SNAP (EBT), ou ka p ap bezwen ranpli yon aplikasyon. **Tanpri kontakte manadjè kafeterya lekòl ou a nan kòmansman ane eskolè a pou asire w elèv jadendanfan w lan resevwa benefis manje gratis.**
- Si elèv jadendanfan w lan gen yon frè/sè ki deja resevwa benefis manje, ou dwe ranpli yon aplikasyon pou moun nan kay la epi **kontakte manadjè kafeterya w la pou asire w pitit ou a resevwa benefis manje gratis.**

Tanpri soumèt sèlman YON aplikasyon sou **entènèt** pou chak fanmi. Nan espas dis (10) jou louvrab apati premye jou lekòl la n ap voye yon avi kalifikasyon nan adrès lakay ou. Tanpri **bay pitit ou a ase lajan pou l achte manje annatandan y ap fè pwosedi oswa apwove aplikasyon pou manje a.**

Pou asire yo fè pwosedi aplikasyon moun lakay ou yo pou ane eskolè 2021/2022 la avan lekòl louvri, aplike sou entènèt nan www.palmbeachschools.org/sfs nan dat 5 out.

Mèsi pou kolaborasyon w. Si ou genyen kesyon, kontakte Manadjè Sèvis Manje lekòl ou a.

USDA se youn enstitisyon leta ki bay tout moun menm opòtinite nan travay.